



Modèl Avi sou Dwa pou Lokatè Lojman Sipèvize yo

Avi sa a bay enfòmasyon jeneral sou dwa lokatè lojman sipèvize yo. Founisè lojman sipèvize yo dwe bay lokatè posib ak pèmanan yo avi sa a:

- Lè y ap fè entèvyou
- Lè yo fèk ap vin rete nan inite a
- A chak renouvèlman kontra lokasyon oswa antant sou pwogram nan
- Sou demann

Founisè lojman sipèvize yo dwe li avi sa a pou lokatè ki gen difikilte li epi bay lokatè yo l nan youn nan lang ki nan lis ki pi ba a si lang yo pito li an ladan li. Founisè lojman sipèvize yo dwe ede lokatè ki mande sèvis tradiksyon yo si avi sa a pa tradui nan lang lokatè a pito a. Avi sa a disponib nan lang sa yo: panyòl, chinwa, ris, bengali, kreyòl ayisyen, koreyen, italyen, arab, oudou, fransè ak polonè. Pou li avi sa a nan lang sa yo, ale sou nyc.gov/health epi chèche "[supportive housing](#)" (lojman sipèvize).

Dwa Lokatè yo

Avi sa a se yon rezime jeneral dwa ou yo kòm lokatè lojman sipèvize e li pa konsèy legal. Li pa etabli nouvo dwa lalwa pa prevwa. Genyen nan dwa ki dekri nan avi sa a. N ankouraje anpil pou chak moun kenbe dosye detaye sou tout pwoblèm ki gen pou wè ak lojman yo a. Rele **311** epi mande pou Liy Èd pou Lokatè a (Tenant Help Line) si ou bezwen enfòmasyon pi presi.

Kòm lokatè lojman sipèvize, ou gen dwa:

1. Viv san kondisyon danje, tankou bète nuizib, mwezi ak enstalasyon kase. Ou gen dwa a sèvis publik tankou chofaj, dlo cho, kouran elektrik ak gaz.
 - a. Pou fè yon demann antretyen, rele ekip antretyen biling ou an oswa founisè lojman sipèvize w lan avèk kowòdone ki anba "Enfòmasyon sou Biling nan" pi ba a.
 - b. Rele **311** pou rapòte tout pwoblèm ki genyen kounye a yo poko ranje epi pou mande pou Depatman Prezèvasyon ak Devlòpman Lojman NYC la (New York City Department of Housing Preservation and Development, HPD) vin enspekte lakay ou.
 - c. Mèt pwopriyete a oswa founisè lojman an dwe ba ou kopi pwosedi règleman griyèf yo lè w ap enskri, renouvel kontra lokasyon an ak lè gen chanjman ki fèt pou w ka konnen kijan pou w reyaji a tout pwoblèm ki genyen nan inite w lan.
2. Depoze yon plent devan tribinal kont mèt pwopriyete w lan, jesyonnè pwopriyete a oswa founisè lojman sipèvize a pou korije vyolasyon Kòd Antretyen Lojman (Housing maintenance Code) NYC an, sa gen ladan pèsekisyon. Rele **311** epi mande pou Liy Èd pou Loka te a, Ossa ale nan tribinal pou zafè lojman awondisman w lan, pou plis enfòmasyon.
 - a. Si mèt pwopriyete w lan fèmen ou deyò oswa l ap eseye fè ou kite lojman w lan, rele **911** touswit pou rapòte yo fèmen ou deyò ilegalman. Apre sa, rele **311** epi mande pou Liy Èd pou Lokatè a.

3. Yon pwosedi nan tribunal anvan yo ka fè ou degèpi
 - a. Ou kapab resevwa **sèvis jiridik gratis pou defann ou kont degèpisman**, kèlkeswa kòd postal oswa oswa sitiyasyon imigrasyon ou, dapre lwa NYC an sou Dwa a Avoka (Right-to-Counsel). Pou pran kontak ak yon avoka gratis, ou ka:
 - i. Rele **311** epi mande pou Liy Èd pou Lokatè a.
 - ii. Rele Liy Repons Tribunal sou Zafè Lojman an (Housing Court Answers Hotline) nan 718-557-1379.
 - iii. Mande sèvis jiridik gratis premye fwa ou parèt nan tribunal la.
 - b. **Pèsonn pa kapab mete ou deyò san lòd yon jij.** Ou dwe resevwa avi tou nan men yon Chèf Lapolis Vil la oswa nan men Biwo Cherif Vil la anvan yo kapab mete ou deyò legalman.
 - c. Mouh oswa antite k ap eseye mete ou deyò a dwe depoze yon petisyon ki gen ladan sèten enfòmasyon yo dekri nan Lwa sou Aksyon ak Pwosedi Devan Lajistis nan Zafè Byen Imobiliye a (Real Property Actions and Proceedings Law), Seksyon 741. Pou jwenn plis enfòmasyon sou petisyon sa a, ou ka:
 - i. Rele **311** epi mande pou Liy Èd pou Lokatè a.
 - ii. Rele Liy Repons Tribunal sou Zafè Lojman an (Housing Court Answers Hotline) nan 718-557-1379.
4. Mande chanjman rezonab nan lojman w lan, nan sèvis ou yo oswa nan toude pou akomode yon andikap fizik, mantal oswa konpòtmantal, epi pou jwenn pwoteksyon kont tout diskriminasyon nan lojman w lan
 - a. Pou mande yon akomodasyon rezonab pou yon andikap, kontakte founisè lojman sipèvize w lan nan kowòdone ki pi ba a yo.
 - b. Si ou panse yo vyole dwa ou yo, rele Komisyon sou Dwa Moun (Commission on Human Rights) NYC an nan 212-416-0197.
5. Resevwa resi lwaye epi mande yon rejis ajou peman lwaye yo ak aryere lwaye yo, epitou kopi resètifikasyon revni ànyèl yo, kontra lokasyon yo ak akò sou itilizasyon lojman yo. Pou mande enfòmasyon sa yo, kontakte founisè lojman sipèvize w lan nan kowòdone ki pi ba a yo.
6. Viv avèk fanmi, elaji fanmi ou, epi, nan kèk sikontans, ap viv avèk kolokasyon. Fè founisè sèvis sosyal ou a konn sa si ou swete ajoute moun ki rete lakay ou (tankou pitit minè oswa grannmoun, yon mari/madanm oswa yon moun ki plase avèk ou). Founisè w lan ap diskite sou konsekans ajoute lòt moun nan kay la, sa gen ladan gade si lojman an awopriye pou plis moun oswa pèmèt sa legalman; tout limitasyon sou kalifikasyon revni lojman an ta ka genyen, tankou sa yo enpoze yo nan bilingki gen Kredi Taks sou Lojman pou Revni Ba yo (Low-Income Housing Tax Credit, LIHTC); ak kijan kalkil lwaye a ak kontra lokasyon oswa sou-lokasyon an ta ka chanje.
7. Antre nan yon gwoup oswa fòme youn tankou yon asosyasyon lokatè pou defann dwa ak pwoteksyon lokatè yo san ni pèsekisyon, ni reprezay ni pinisyon. Ou kapab òganize

reyinyon sa yo nan espas pataje yo nan biling ou an san ou pa gen pou peye pou sèvi ak espas la. Men, ou dwe avèti founisè lojman sipèvize a alavans.

Founisè lojman sipèvize a pral ranpli enfòmasyon ki annapre yo.

Enfòmasyon sou Founisè Lojman Sipèvize a		
Non founisè lojman sipèvize a:	Telefòn:	Imèl:
Ajans ki gen kontra avèk founisè lojman sipèvize ki pi wo a (make tout ajans ki gen kontra yo): <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Depatman Sèvis Sosyal Vil New York la (NYC Department of Social Services) / Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration) <input type="checkbox"/> Depatman Prezèvason ak Devlopman Lojman Vil New York la <input type="checkbox"/> Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la (NYC Department of Health and Mental Hygiene) Pou pote plent devan ajans sa a, rele 311 .		
<input type="checkbox"/> Lòt: _____ Pou depoze plent, kontakte:		
Sèvis sipò ki disponib yo:		
Kontak pou jwenn politik ak pwosedi yo pou mande oswa chanje sèvis:	Telefòn:	Imèl:
Pou jwenn yon kopi vwa finansman founisè a (sa gen ladan yon lis règleman prensipal ki aplike yo pou tout vwa finansman); politik sou degèpisman ak griyèf yo (sa gen ladan pwosesis la ak delè pou founisè a reponn); oswa enfòmasyon sou asistans nan jwenn aryere lwaye oswa asistans nan jesyon finansye, kontakte:		
Non:	Telefòn:	Imèl:
Non:	Telefòn:	Imèl:
Non:	Telefòn:	Imèl:
Pou diskite sou pwoblèm ki gen pou wè ak sèvis sosyal oswa jesyon ka, kontakte:		
Non:	Telefòn:	Imèl:

Non:	Telefòn:	Imèl:
Non:	Telefòn:	Imèl:

Enfòmasyon sou Bilding nan		
Adrès (mete nimewo inite a, si genyen):		
Mèt pwopriyete a:	Telefòn:	Imèl:
Jesyonnè pwopriyete a:	Telefòn:	Imèl:
Imèl:		
Non:	Telefòn:	Imèl:
Lòt Enfòmasyon		
Lwaye total pa mwa:		
Pati founisè a nan lwaye a:		
Pati lokatè a nan lwaye a:		
Èske lwaye inite sa a estabilize?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
	<input type="checkbox"/> Pa konnen	
Pou mande antedesdan lokasyon yon inite, kontakte Divizyon Lojman ak Renouvèlman Kominotè Eta New York la (New York State Division of Housing and Community Renewal) nan: Founisè lojman sipèvize ki pi wo a ap ede ou jwenn antedesdan lokasyon yon inite.	Telefòn:	Imèl:
Èske inite sa a nan yon biling ki resevwa rediksyon oswa egzansyon taks?	<input type="checkbox"/> Wi Dat kòmansman: Dat finisman:	<input type="checkbox"/> Non
Èske inite sa a gen yon sibvansyon transferab?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non

	Kontak pou jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis transfè a:	
--	--	--

Lè ou siyen pi ba a, ou rekonèt ou te resevwa yon kopi avi sa a nan men founisè lojman sipèvize a pou yon apatman ou te gade pou reflechi si w ap vin rete ladan oswa pou yon apatman ou déjà rete ladan.

Non lokatè oswa lokatè posib la:	
Siyati:	
Dat:	

Founisè lojman sipèvize a dwe bay lokatè posib ak pèmanan yo yon kopi avi sa a.

Y ap mete yon kopi siyen nan dosye founisè lojman sipèvize a gen pou moun nan.

12.24 Haitian Creole